

VAKSEN KONT COVID-19 YO SAN DANJE EPI YO EFIKAS



Kalite vaksen ki disponib Etazini:

- Pfizer
- Moderna
- Johnson & Johnson (J&J)

Pran premye dòz ou a kounya. Pwoteksyon konplè a kòmanse fonksyone nan apeprè de (2) semèn. Gen yon vaksen rapèl oswa yon dòz anplis ki nesèsè plizyè mwa apre ou fin pran premye dòz yo.



Rekòmandasyon

- + Pran vaksen an. Pran vaksen rapèl la.
- + Fè fanmi w vaksine epi pran vaksen rapèl yo.
- + Nou rekòmande Pfizer oswa Moderna lè ou gen chwa.
- + Mete yon mask lè ou deyò menm lè ou ajou nan vaksen yo. Epi, mete yon mask nan figi ou lè w nan espas deyò ki gen anpil moun.
- + Si ou ajou nan vaksen yo epi ou te ekspoze ak COVID-19 suiv rekòmandasyon CDC yo, epi fè tès la 5 jiska 7 jou apre ou te ekspoze.



Pou fi yo:

- + Pou fi ki ansent, ki ap bay tete, oswa ki ap eseye ansent, vaksen yo enpòtan anpil pou kenbe manman ak ti bebe yo an sante.
- + **Pou fi ki gen 18 jiska 60 ane**, nou rekòmande pou w pran Pfizer oswa Moderna.

Kòmman mwen kapab jwenn Vaksen kont COVID-19?

- ✓ **Kontakte depatman sante ki nan zòn ou an pou pran yon randevou** oswa mande yo ki kote klinik mobil pou vaksen an ye.
- ✓ **Verifye avèk famasi ki nan zòn ou an.** Gen chans pou yo ofri vaksen yo.
- ✓ **Kontakte depatman sante ki nan zòn ou an pou pran yon randevou.**
- ✓ **Pale avèk patwon ou an sou fason ou kapab jwenn vaksen kont COVID-19 la.** Yo ka ede w nan aranjman w ap fè pou pran yon vaksen.

Pou w jwenn plis enfòmasyon

Pou Kesyon Moun Poze Souvan, ale sou **Migrant Clinicians Network (MCN):** <https://bit.ly/3FyJ6IA>



Mizajou: 6 Janvyè 2022



Pwoteje Tèt ou Kont COVID-19

- ✓ **Al pran vaksen an!**
- ✓ **Mete yon mask**
- ✓ **Distans Sosyal**
- ✓ **Lave men ou**

Kanpay Sansibilizasyon pou Vaksen kont COVID-19




Avantaj Vaksinyon an

- ✓ Vaksinyon an pwoteje w, fanmi w, ak kòlèg ou yo kont maladi grav epi pou yo pa entènè lopital.
- ✓ Vaksinyon an diminye kantite nouvo ka COVID-19 ki grav epi ki tiye moun nan kominote ou a.
- ✓ Vaksinyon an pwoteje lopital ak doktè yo pou yo pa plen avèk pasyan ki malad grav avèk COVID-19.
- ✓ Plis gen moun nan kominote nou an ki vaksine, mwens nou bezwen enkyete pou nouvo varyan yo.
- ✓ Nan pa twò lontan nou ap kapab retounen nan aktivite nòmal nou si gen plis moun ki vaksine.

Risk ki genyen pou moun ki pa pran vaksen an

- ✗ Plis risk pou kontamine ak COVID-19.
- ✗ Plis risk pou gen gwo enfeksyon, entènè lopital ak lanmò.
- ✗ Si yon majorite moun **PA PRAN VAKSEN** kont COVID-19 la, alò risk pou gen maladi ki grav epi risk pou gen nouvo mitasyon ki pi kontajye ak danjere vin pi plis.


Kisa pou w atann aprè ou fin pran vaksen an?



Li enpòtan pou pran vaksen an, menm si ou te gen COVID-19.



Li **GRATIS** nèt epi li **PA** mande okenn fòm idantifikasyon.




Gen plizyè kalite vaksen. Tout vaksen kont COVID-19 yo san danje epi yo efikas.




Aprè vaksinyon an ou ka gen: doule nan bra, tèt fè mal, lafyè, oswa frison.



Ou ap santi w byen kèk jou apre ou fin pran piki a.



Ou vaksinen nèt de (2) semèn apre dènye dòz ou an.



Tanpri kontinye mete yon mask, lave men w, epi kenbe distans sosyal.



Ou fè pati pa w la pou pwoteje tèt ou ak lòt moun kont COVID-19 la!

Kòman m ap fè konnen kilè oswa si mwen bezwen yon lòt dòz vaksen an?

- + Moun ki gen sistèm iminitè ki fèb yo bezwen dòz vaksen anplis.
- + Kounya yo rekòmande yon dòz rapèl plizyè mwa apre ou resevwa premye dòz ou a.
- + Verifye pou w kapab gen enfòmasyon sou vaksen rapèl yo.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen te resevwa premye dòz mwen an nan yon lòt peyi epi li pa disponib Etazini?

- + Se pa tout peyi ki apwouve menm vaksen kont COVID-19 avèk Etazini.
- + Si ou te resevwa yon dòz nan nenpòt vaksen kont COVID-19 ki pa apwouve Etazini, ou ka kalifye pou vaksen Pfizer, Moderna, oswa J&J. Pou resevwa yon nouvo vaksen ou dwe tann omwen 28 jou apre dènye dòz ou a.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Vizite Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi:
www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html

